

Kesyon Moun Poze Souvan (Haitian Creole)

1. Kisa ki Fair Fares NYC (FFNYC)? 4
2. Èske FFNYC ap pase soti nan Metrocard pou ale nan One Metro New York (OMNY)? ... 4
3. Èske mwen oblije chanje Metrocard FFNYC mwen an pou al nan OMNY? 4
4. Èske mwen ka transfere lajan soti nan FFM mwen an pou al nan kat FFNYC OMNY mwen an (FFOC)? 5
5. Kijan rabè FFNYC a fonksyone? 5
6. Kiyès ki elijib pou patisipe? 6
7. Kounye a m ap patisipe nan pwogram MTA Reduced-Fare. Èske mwen elijib pou rabè FFNYC a? 6
8. Èske sitiyasyon m ak imigrasyon afekte kapasite m pou patisipe nan Fair Fares NYC? 6
9. Kijan m kapab aplike pou yon rabè FFNYC? 7
10. Kijan m ap konnen si yo apwouve aplikasyon m lan? 7
11. Pou konbyen tan mwen ka patisipe nan pwogram FFNYC a depi yo fin apwouve mwen? 7
12. Kilè m ap resevwa rabè FFNYC mwen? 8
13. Yo te apwouve mwen pou FFNYC, men mwen pa t resevwa yon Kat OMNY pa Lapòs? Kisa m dwe fè? 8
14. Mwen gen pwoblèm ak sit entènèt nyc.gov/accessfairfares a. Kijan mwen kapab jwenn èd? 8
15. Mwen bezwen èd pou mwen ranpli aplikasyon FFNYC a. Kiyès ki kapab ede m? 8
16. Mwen resevwa lèt mwen nan yon Bwat Postal Jeneral. Kouman mwen ka resevwa kat Fair Fares OMNY mwen an? 9
17. Kijan pou m mete adrès postal mwen ajou? 9
18. Yo te refize aplikasyon mwen pou Fair Fares. Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon? 9
19. Ki dokiman m ap gen bezwen pou m verifye laj, rezidans mwen nan vil New York ak revni mwen? 9
20. Kijan pou m soumèt dokiman pou aplikasyon m lan? 9
21. Mwen te eseye soumèt dokiman mwen yo, men sa pa te mache. Kijan mwen kapab jwenn èd? 10

22. Kijan pou m konnen si ou te resevwa dokiman mwen yo?	10
23. Èske gen yon dat limit pou m soumèt dokiman m yo?	10
24. Kisa k ap rive si mwen pa soumèt dokiman mwen yo alè?	10
25. Èske mwen ta dwe kreye yon kont OMNY?.....	11
26. Ki kote mwen ka jwenn nimewo seri FFOC mwen an?	11
27. Ki Nimewo Kont Transpò OMNY a epi ki kote mwen ka jwenn li?	12
28. Èske yon manm fanmi oswa yon zanmi kapab itilize FFOC mwen, kat debi oswa kat kredi mwen, oswa aparèy mobil mwen ak rabè a?.....	12
29. Èske mwen kapab itilize rabè Fair Fares NYC mwen nan tout sistèm transpò piblik Vil New York yo?	13
30. Kijan mwen ka ajoute lajan sou FFOC mwen an?	13
31. Kisa ki limitasyon pri transpò (fare capping) ak FFOC mwen an?.....	13
32. Kisa mwen dwe fè si yo chaje m pri konplè a olye de pri rabè a?	14
33. Kiyès mwen dwe rele si mwen gen yon kesyon sou yon chaj sou kat OMNY mwen an? (pa pou kesyon kote yo chaje m pri konplè a).....	14
34. Èske mwen ka itilize pwòp kat kredi oswa kat debi oubyen aparèy mobil mwen ansanm ak rabè FF mwen an?	14
35. Èske m ka itilize de (2) kat kredi oswa aparèy mobil diferan ansanm ak rabè FF mwen an?	14
36. Èske mwen ka itilize plizyè kat vwayaj an menm tan?	15
37. Kiyès mwen dwe rele si kat kredi oswa kat debi mwen an pa fonksyone?.....	15
38. Èske enfòmasyon mwen yo ap ret prive?	15
39. Mwen te resevwa yon avi ki di enskripsyon mwen an ap fini paske mwen pa elijib ankò. Mwen panse te gen yon erè. Ak kiyès mwen kapab pale?	15
40. Konbyen tan mwen genyen pou m mande yon revizyon detèminasyon elijibilite mwen an?	15
41. Kisa k ap pase si mwen resevwa yon avi ki fè konnen rabè Fair Fares NYC mwen an ap fini akòz move itilizasyon oswa aktivite fwod?	16
42. Kisa pou mwen fè si mwen resevwa yon alèt balans mwen ba?	16
43. Konbyen fwa mwen ka ranplase FFOC mwen ki pèdi oswa ke yo vòlè?.....	16
44. Kisa pou m fè si kat FFOC mwen an pèdi, yo vòlè li oswa se li andomaje?	16
45. Kisa pou m fè si kat kredi, kat debi oswa aparèy mobil mwen an pèdi ak rabè a?	17
46. Kijan mwen ka transfere balans ki sou kat OMNY mwen an ki pèdi, yo vòlè, ki andomaje, ki ekspire oswa ki toupre pou ekspire, sou nouvo Kat OMNY mwen an? ...	17
47. Konbyen fwa mwen bezwen renouvle enskripsyon FFNYC mwen an?.....	17
48. Kijan mwen ka renouvle enskripsyon FFNYC mwen an?	18

49. Èske y ap avize m lè m bezwen renouvle? 18
50. Èske gen yon dat limit pou renouvle? 18
51. Kisa k ap pase si mwen rate dat limit pou renouvle a? 18
52. Kouman pou mwen konnen si mwen toujou kalifye pou FFNYC? 18
53. E si nouvo adrès mwen an pa nan vil Nouyòk? 18
54. Ki dokiman mwen bezwen pou soumèt aplikasyon pou renouvèlman mwen an? 19
55. Èske m ap resevwa yon nouvo kat Fair Fares NYC OMNY lè m renouvle? 19
56. Èske m ap kapab kontinye itilize rabè Fair Fares NYC mwen kounye a yon fwa yo apwouve aplikasyon pou renouvèlman mwen an? 19
57. Kouman pou mwen konnen ki lè kat Fair Fares NYC OMNY mwen an ap ekspire? 19
58. Kisa k ap pase si FFOC mwen an ap ekspire nan mwens pase 30 jou? 19
59. Kisa k ap pase si kat debi oswa kat kredi mwen an ekspire ak rabè sou li? 20
60. Èske mwen ka itilize yon kat FFOC ki ekspire si li toujou gen lajan sou li? 20

Enfòmasyon sou Pwogram lan

1. Kisa ki Fair Fares NYC (FFNYC)?

Fair Fares NYC se yon pwogram Minisipal ki kreye pou ede rezidan New York ki gen ti revni yo jere depans pou transpò yo. Atravè FFNYC, rezidan Vil Nouyòk ki elijib yo resevwa yon rabè 50% sou pri tren ak otobis ki elijib yo, oswa 50% rabè sou vwayaj Access-A-Ride (AAR) Paratransit.

Retounen Anwo

2. Èske FFNYC ap pase soti nan Metrocard pou ale nan One Metro New York (OMNY)?

Pwogram nan pa bay MetroCard Fair Fares (FFM) ankò. Si ou gen yon FFM, ou ka sèvi ak li jiskaske youn nan bagay sa yo rive (kèlkeswa sa ki rive an premye):

- a) kat la ekspire (dat ekspirasyon an se sou do kat la);
- b) kat la pa fonksyone ankò;
- c) kat la vin dezaktive; oswa
- d) ou pa enskri nan pwogram Fair Fares la ankò.

Ou pral janbe nan OMNY nan youn nan fason ki vin apre yo:

1. Lè ou renouvle enskripsyon w nan pwogram nan/
2. Siu rapòte MetroCard ou a pèdi, yo volè l, oswa si l andomaje.
3. Ou ka chanje soti nan MetroCard pou ale nan OMNY nenpòt kilè sou ACCESS HRA.

Lè w chanje, ou ka chwazi yon kat OMNY, oswa ou kapab itilize pwòp kat kredi oswa kat debi oubyen bous elektwonik pa w.

Retounen Anwo

3. Èske mwen oblije chanje Metrocard FFNYC mwen an pou al nan OMNY?

Wi. OMNY se nouvo metòd pèman epi li pral ranplase MetroCard. W ap bezwen sèvi ak OMNY pou monte nan metwo Transpò Nouyòk ak otobis lokal yo, limite ak otobis Select Bus Service (SBS), Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak sèvis otobis Hudson Rail Link.

Retounen Anwo

4. Èske mwen ka transfere lajan soti nan FFM mwen an pou al nan kat FFNYC OMNY mwen an (FFOC)?

Ou pa kapab transfere lajan soti nan FFM ou pou al nan FFOC ou. Sepandan, nenpòt balans sou FFM ou a ap rete disponib pou ou epi ou ka itilize l pou monte nan metwo ak otobis lokal, limite ak otobis Select Bus Service (SBS), Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak sèvis otobis Hudson Rail Link.

Ou dwe itilize balans ki rete nan FFM ou a anvan li ekspire oswa avan yo anile li. Tou senpleman, pase FFM ou menm jan ou fè l jodi a. Ou pa kapab transfere okenn balans ki rete nan yon MetroCard plen tarif oswa yon kont OMNY plen tarif pou mete li sou yon FFM oswa yon FFOC.

Retounen Anwo

5. Kijan rabè FFNYC a fonksyone?

FFNYC pèmèt ou jwenn yon rabè 50% sou tarif metwo, otobis ki kalifye, oswa Access-A-Ride.

- **Metwo ak Bis yo**

Ak rabè FFNYC ou a, ou pral kapab pran metwo ak otobis ki elijib yo pou mwatye pri!

Si ou fè demann epi si ou kalifye pou FFNYC, epi ou chwazi rabè pou metro ak otobis, Vil la ap mete rabè ou a sou yon FFOC, oswa sou kat kredi, kat debi, oswa sou aparèy entèlijan ou chwazi a. FFOC a p ap gen okenn valè sou li. Ou pa kapab itilize FFOC ou a pou peye tarif la jiskaske ou ajoute lajan ladan l.

Men fason ou ka ajoute lajan nan FFOC ou a:

1. Nan yon estasyon tren lè w ap itilize yon machin lavant OMNY (jis tape kat ou sou ekran an pou kòmanse);
2. Yon magazen, yon famasi oswa yon kote pou lajan chèk nan katye w (ale sou omny.info/retail pou jwenn youn toupre w).
3. Sou entènèt oswa pa telefòn ak yon kont OMNY. Kreye yon kont gratis nan omny.info/register oswa rele 877-789-6669.

Tape kat OMNY, kat kredi oswa kat debi ou, oubyen tou aparèy mobil ou sou lektè OMNY a nan bis oswa nan tren an, epi l ap retire mwatye nan tarif aktyèl la. Chak fwa ou tape kat ou a, y ap chaje w sèlman mwatye pri aktyèl la pou yon sèl vwayaj.

- **Access-A-Ride (AAR):**

Kliyan AAR yo pa itilize yon FFOC. Rabè yo aplike otomatikman! Se Metropolitan Transportation Authority (MTA) ki distribiye kat AAR yo. Si ou gen kesyon ki gen pou wè ak AAR, vizite [sit entènèt](http://sit.entènèt) la oswa rele nan 877-337-2017.

Retounen Anwo

Elijiblite

6. Kiyès ki elijib pou patisipe?

Rezidan Vil New York (NYC) yo gen dwa elijib pou FFNYC si:

1. Yo gen ant 18 ak 64 lane.
2. Y ap viv nan yon fanmi ki respekte kritè revni pou pwogram FFNYC a;
3. Yo pa resevwa tout lajan transpò a nan Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services/Human Resources Administration, DSS/HRA) oswa nenpòt lòt ajans Vil New York; epi,
4. Si w chwazi rabè FFNYC pou metwo ak bis, ou pa dwe kounye a patisipe ni kalifye pou patisipe nan okenn lòt pwogram rabè transpò.

Retounen Anwo

7. Kounye a mwen ap patisipe nan pwogram MTA Reduced-Fare. Èske mwen elijib pou rabè FFNYC a?

Non. Ou pa kalifye pou rabè FFNYC pou metwo ak bis si w ap patisipe oswa si w elijib pou patisipe nan pwogram MTA Reduced-Fare la. Si w se yon kliyan Access-A-Ride, Ou ka mande pou rabè FFNYC la aplike sou tarif AAR la.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram sa yo sou <https://mta.info/reduced-fare>.

Retounen Anwo

8. Èske sitiyaasyon m ak imigrasyon afekte kapasite m pou patisipe nan Fair Fares NYC?

Fair Fares NYC pa pral mande w enfòmasyon konsènan estati imigrasyon w, ni li pa pral anrejistre okenn enfòmasyon konsènan estati imigrasyon w.

Retounen Anwo

Aplike ak Resevwa Rabè Fair Fares NYC ou

9. Kijan m kapab aplike pou yon rabè FFNYC?

Tout rezidan NYC yo kapab aplike pou yon rabè FFNYC. Vizite nyc.gov/accessfairfares pou jwenn plis enfòmasyon epi pou aplike.

Yo ka mande pou ou bay enfòmasyon pèsònèl konsènan:

- Idantite ou;
- Kote ou rete; ak
- Revni ou

Yo ka egzije w pou soumèt dokiman. Tanpri vizite nyc.gov/fairfares pou wè Lis Dokiman Fair Fares NYC sijere yo.

Retounen Anwo

10. Kijan m ap konnen si yo apwouve aplikasyon m lan?

Depi ou te soumèt aplikasyon ou an epi ou telechaje pou transmèt tout dokiman obligatwa yo, tanpri bay jiska 30 jou pou yo egzamine aplikasyon w lan. Ou ka konekte nan kont nyc.gov/accessfairfares ou pou tcheke nan ki pwens aplikasyon ou an ye. Depi yo fin egzamine aplikasyon w lan, w ap resevwa yon avi nan kourye lapòs.

Retounen Anwo

11. Pou konbyen tan mwen ka patisipe nan pwogram FFNYC a depi yo fin apwouve mwen?

W ap rete enskri pandan yon lane apati dat yo apwouve aplikasyon w lan, osi lontan ou kontinye ranpli tout kritè elijibilite yo.

Retounen Anwo

12. Kilè m ap resevwa rabè FFNYC mwen?

Fair Fares OMNY Card Depi yo fin apwouve aplikasyon ou an, tanpri pasyante pou de (2) jiska twa (3) semèn pou yo livre ou FFOC ou a nan kourye lapòs nan United States Postal Service (USPS).

Pwòp kat debi oswa kat kredi oswa Kat OMNY ou: Y ap ajoute rabè a san pèdi tan apre lè yo fin apwouve aplikasyon ou an. Fare Fares Program nan ap mete w okouran lè rabè a aktive. Ou kapab wè rabè a sou pwofil kont OMNY ou a tou si ou ajoute kat la sou kont ou. Rabè a dwe aktive nan yon delè 24 èdtan.

Access-A-Ride: Si ou chwazi rabè AAR la, ou p ap resevwa yon kat OMNY nan men Fair Fares. Olye desa, w ap resevwa kat idantite AAR OMNY ou a nan men MTA.

[Retounen Anwo](#)

13. Yo te apwouve mwen pou FFNYC, men mwen pa t resevwa yon Kat OMNY pa Lapòs? Kisa m dwe fè?

Si sa fè plis pase 3 semèn depi yo te apwouve w, epi ou poko resevwa kat Fair Fares NYC OMNY ou a, tanpri rele 311 oswa rapòte kat ou kòm “Lost In Mail (Pèdi Nan Lapòs)” sou [Access HRA](#).

[Retounen Anwo](#)

14. Mwen gen pwoblèm ak sit entènèt nyc.gov/accessfairfares a. Kijan mwen kapab jwenn èd?

Si ou gen pwoblèm teknik ak nyc.gov/accessfairfares, tanpri vizite paj [èd ACCESS HRA](#) a pou jwenn repons pou pwoblèm moun rankontre souvan, oswa rele 311 pou asistans.

[Retounen Anwo](#)

15. Mwen bezwen èd pou mwen ranpli aplikasyon FFNYC a. Kiyès ki kapab ede m?

Vizite youn nan lokal Fair Fares NYC yo epi anplwaye a ap ede w avèk aplikasyon w lan. Ale sou www.nyc.gov/fairfares epi klike sou ‘[Contact Us \(Kontakte Nou\)](#)’ pou jwenn yon lis biwo Fair Fares NYC. Ou kapab rele nan 311 tou pou jwenn plis enfòmasyon.

[Retounen Anwo](#)

16. Mwen resevwa lèt mwen nan yon Bwat Postal Jeneral. Kouman mwen ka resevwa kat Fair Fares OMNY mwen an?

Si yo apwouve aplikasyon oswa renouvèlman w lan epi w sèvi ak yon Bwat Postal (P.O. Box) nan youn nan senk awondisman vil New York pou resevwa lèt ou, n ap voye FFOC ou a nan Bwat Postal Jeneral ou nan senk awondisman vil New York yo.

Retounen Anwo

17. Kijan pou m mete adrès postal mwen ajou?

Tanpri, ale sou [nyc.gov/accessfairfares](https://www.nyc.gov/accessfairfares) pou mete adrès postal ou ajou sou pwofil ou.

Retounen Anwo

18. Yo te refize aplikasyon mwen pou Fair Fares. Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Yo ka refize aplikasyon w lan si ou pa ranpli kondisyon pou w elijib pou pwogram lan. Ou ka ale sou www.nyc.gov/accessfairfares pou ou wè rezon ki fè yo refize aplikasyon an. Avi ou te resevwa a eksplike rezon ki fè ou pa elijib pou FFNYC. Si ou panse nou te fè yon erè, tanpri vizite sit entènèt Fair Fares NYC la sou <https://www.nyc.gov/site/fairfares/contact-us/contact-us.page> pou lokalizasyon yon biwo, oswa rele nan 311 pou mande fè yon revizyon nan aplikasyon ou an

Retounen Anwo

Fason pou Soumèt Dokiman yo ak Lòt Kesyon Ki Gen Rapò ak yo

19. Ki dokiman m ap gen bezwen pou m verifye laj, rezidans mwen nan vil New York ak revni mwen?

Tanpri, al gade nan [Lis Dokiman yo Sijere pou Fair Fares NYC](#) a.

Retounen Anwo

20. Kijan pou m soumèt dokiman pou aplikasyon m lan?

Itilize Aplikasyon Mobil ACCESS HRA a pou telechaje dokiman yo pou FFNYC. Ale sou [nyc.gov/ffdocs](https://www.nyc.gov/ffdocs) pou telechaje aplikasyon ACCESS HRA a, konekte ak kont ou an, epi soumèt dokiman w yo. Si ou pa kapab itilize aplikasyon mobil lan, ou ka antre nan yon [biwo lokalizasyon](#) FFNYC epi jwenn èd pou kapab telechaje dokiman ou yo.

Retounen Anwo

21. Mwen te eseye soumèt dokiman mwen yo, men sa pa te mache. Kijan mwen kapab jwenn èd?

Eseye dekonekte ak kont ou an epi konekte ankò. Li kapab pran jiska 15 minit pou dokiman yo parèt. Si ou toujou gen pwoblèm, ou kapab vin nan yon biwo Fair Fares NYC epi w ap jwenn èd pou telechaje dokiman ou yo.

Retounen Anwo

22. Kijan pou m konnen si ou te resevwa dokiman mwen yo?

Fair Fares ap voye yon mesaj tèks ba ou si w pa ko fin ranpli aplikasyon w lan. Ou kapab konekte tou nan kont ou sou nyc.gov/accessfairfares pou tcheke ki dokiman w ap toujou gen bezwen ak dat limit ou pou soumèt.

Retounen Anwo

23. Èske gen yon dat limit pou m soumèt dokiman m yo?

Ou gen 10 jou pou soumèt dokiman ou yo apre ou fin soumèt aplikasyon w lan. Konekte ak kont ou an nan nyc.gov/accessfairfares pou tcheke nan ki pwen aplikasyon w lan ye epi wè ki kantite tan ou rete pou soumèt dokiman ou yo.

Retounen Anwo

24. Kisa k ap rive si mwen pa soumèt dokiman mwen yo alè?

Si nou pa resevwa dokiman ou yo alè, ou ap bezwen soumèt yon nouvo aplikasyon.

Retounen Anwo

Fason pou itilize Rabè Fair Fares NYC ou a

25. Èske mwen ta dwe kreye yon kont OMNY?

Wi. Li pa obligatwa pou kreye yon kont men nou rekòmande li anpil. Yon kont OMNY sekirize epi li ofri anpil avantaj:

- Swiv pwogrè w pou rive jwenn vwayaj gratis ak plafon tarif 7 jou a.
- Rechaje kat ou a.
- Mete rechaj otomatik pou ou pa janm bezwen enkyete w pou balans ou ba ankò.
- Jere metòd peman ou.
- Jwenn notifikasyon kont yo.
- Sispann kat ou a lapoula si li pèdi oswa si yo vòlè li.
- Ak plis ankò!

Pou anrejistre pou yon kont OMNY, tanpri ale sou <https://omny.info/register>. Si ou bezwen èd pou w mete yon kont OMNY kanpe, tanpri, konsilte [resous videyo YouTube](#) sa a.

Si w bezwen èd pou w anrejistre pou yon kont OMNY, kontakte Sèvis Kliyan OMNY nan lè w rele nan 877-789-6669.

Retounen Anwo

26. Ki kote mwen ka jwenn nimewo seri FFOC mwen an?

Nimewo seri FFOC ou a se nimewo 18 dijital ki nan do kat OMNY ou a. Ou dwe kenbe yon dosye sou nimewo sa a.

Retounen Anwo

27. Ki Nimewo Kont Transpò OMNY a epi ki kote mwen ka jwenn li?

Nimewo Kont Transpò OMNY a konekte ak tout bagay w ap fè sou kont OMNY ou a. Sèvis kliyantèl OMNY la kapab mande w pou nimewo sa a si ou kontakte yo pou ede w.

Gen kat (4) fason ou ka jwenn Nimewo Kont Transpò ou a:

1. Lè ou konekte sou kont Access HRA account ou a.
2. Lè ou anrejistre pou yon kont OMNY sou omny.info/register ak pou lyen FFOC ou oswa kat debi oubyen kat kredi ou.
3. Lè ou rele nan 311.
4. Zouti rechèch kont transpò sou Access HRA – disponib lè w ap fè aksyon sou dosye a.
 - a. **Kisa zouti sa ye?** – se yon mwayen ki sekirize epi san danje pou chèche Nimewo Kont Transpò ou a.
 - b. **Èske li san danje pou mwen pou m antre enfòmasyon sou kat kredi mwen nan zouti sa a?** – Wi. Se yon sit entènèt ki sekirize.
 - c. **Kisa pou mwen fè si mwen resevwa yon mesaj erè?** - Si ou resevwa yon mesaj erè, tanpri, fèmen fenèt la epi retounen eseye ankò.

Retounen Anwo

28. Èske yon manm fanmi oswa yon zanmi kapab itilize FFOC mwen, kat debi oswa kat kredi mwen, oswa aparèy mobil mwen ak rabè a?

Non. Rabè FFNYC ou a se sèlman pou itilizasyon pèsonèl ou. Ou pa kapab pataje oswa prete FFOC ou a bay manm fanmi, zanmi oswa nenpòt lòt moun. Ou pa ka pataje ni prete yon kat debi, kat kredi, oswa yon aparèy mobil ki gen rabè a sou li tou. Ou pa gen dwa vann kat ou ni vann “taps” bay okenn moun. Vyolasyon règ sa a se yon move itilizasyon kat oswa fwod epi sa pral lakòz yon sispansyon FFOC ou a pou 60 jou. Si w vyole règ sa a yon dezyèm fwa, yo pral entèdi w nan Pwogram Fair Fares NYC a pou tout tan.

Retounen Anwo

29. Èske mwen kapab itilize rabè Fair Fares NYC mwen nan tout sistèm transpò piblik Vil New York yo?

Ou kapab itilize rabè Fair Fares ou a sou:

1. Metwo ak otobis ki elijib nan Vil New York yo,
2. Staten Island Railway,
3. Roosevelt Island Tram, ak
4. Hudson Rail Link.

Lè OMNY vin disponib nan otobis Westchester Bee-Line ak Nassau Inter-County Express (NICE), w ap kapab itilize rabè FFNYC ou a pou sèvis sa yo.

Ou **pa ka** itilize rabè Fair Fares oswa OMNY ou a pou sa yo:

1. MetroNorth Railroad
2. Long Island Rail Road
3. Port Authority Trans-Hudson (PATH)

Kat ou oswa aparèy ou ap mache sou bis ekspres MTA yo ak AirTrain JFK, men yo pral chaje w **pri konplè** pou sèvis sa yo.

Retounen Anwo

30. Kijan mwen ka ajoute lajan sou FFOC mwen an?

Men ki jan ou ka ajoute lajan nan FFOC ou a lè ou jwenn li:

- Nan yon machin lavant kat OMNY ki nan estasyon metwo NYC Transit yo;
- Nan magazen k ap patisipe nan vil la. Pou jwenn magazen sa yo, tanpri, vizite <https://omny.info/retail-locations>;
- Lè w rele Sèvis Kliyan OMNY nan 877-789-6669; oswa
- Sou entènèt atravè kont OMNY ou anrejistre (<https://omny.info/register>).
Ou kapab tou mete kanpe rechajman otomatik atravè yon kont OMNY, konsa ou pa janm bezwen enkyete w sou yon balans ki ba ankò.

Retounen Anwo

31. Kisa ki limitasyon nan pri transpò (fare capping) ak FFOC mwen an?

Si ou fè 12 vwayaj peye nan yon peryòd 7 jou youn apre lòt ak menm FFOC la, tout lòt vwayaj ou yo nan menm semèn nan ap otomatikman gratis. Ou dwe itilize FFOC ou a pou chak vwayaj ki peye endividyèlman. Ou dwe itilize kat ou lè w ap fè transfè, men depi yon transfè gratis, li pa konte ladan 12 vwayaj ou peye yo. Pou plis enfòmasyon sou limitasyon pri transpò (), tanpri ale sou <https://omny.info/fares>.

Retounen Anwo

32. Kisa mwen dwe fè si yo chaje m pri konplè a olye de pri rabè a?

Si ou kwè yo chaje w pri konplè a, vizite OMNY la pou w kapab verifye pwofil ou a sou <https://omny.info/register>. Klas vwayajè w la ta dwe make “Fair Fares,” epi w ap kapab wè vwayaj ou te fè yo ak sa ou te peye yo. • Ou kapab kontakte Sèvis Kliyantèl OMNY a tou nan 877-789-6669. Si w pa gen klas vwayajè a, kontakte 311. Si w pa gen klas vwayajè a, kontakte Sèvis kliyantèl OMNY a.

[Retounen Anwo](#)

33. Kiyès mwen dwe rele si mwen gen yon kesyon sou yon chaj sou kat OMNY mwen an? (pa pou kesyon kote yo chaje m pri konplè a)

Rele 877-789-6669 pou w kontakte Sèvis Kliyan OMNY.

[Retounen Anwo](#)

Itilizasyon Kat Kredi oswa Kat Debi oubyen Aparèy Mobil Ou

34. Èske mwen ka itilize pwòp kat kredi oswa kat debi oubyen aparèy mobil mwen ansanm ak rabè FF mwen an?

Wi. Ou kapab itilize pwòp kat kredi oswa kat debi oubyen aparèy mobil ou ak rabè FF la. Pou w fè sa a, konekte sou Access HRA (AHRA) epi chwazi “Change Discount Selection” Apre sa, antre nimewo kat kredi oswa kat debi ou a nan zouti anliy lan. Depi ou fè sa, rabè a ap ajoute sou kont transpò kat kredi oswa kat debi ou a. Verifye AHRA pou estati rabè ou a sou nyc.gov/accessfairfares.

Pwochèn fwa w ap pran transpò, tape kat kredi oswa kat debi a, oswa bous elektwonik ki lye ak kat sa a. Ou ka sèvi ak rabè a swa sou kat fizik la oswa sou aparèy mobil ou — men pa sou toude alafwa. Premye metòd peman ou chwazi pou tape a se li ki pral gen rabè a.

[Retounen Anwo](#)

35. Èske m ka itilize de (2) kat kredi oswa aparèy mobil diferan ansanm ak rabè FF mwen an?

Non. Ou pa kapab itilize de (2) kat diferan ak rabè ou a. Premye kat oswa aparèy ou tape sou yon lektè OMNY apre yo fin aktive rabè a, se li menm ki pral fonksyone ak OMNY. Tanpri sonje tout lòt kat oswa aparèy ki konekte ak menm nimewo kat sa a ap bloke pou yo pa ka itilize OMNY. Pa egzanp, si ou tape kat kredi oswa kat debi fizik ou, ou pap kapab pita tape bous elektwonik ou ki gen menm kat sa a ladan. Pou chanje rabè a, w ap gen bezwen kontakte Sèvis Kliyantèl OMNY la sou 877-789-6669.

[Retounen Anwo](#)

36. Èske mwen ka itilize plizyè kat vwayaj an menm tan?

Non. Se sèlman yon sèl kat vwayaj la w ap kapab itilize pou jwenn aksè ak rabè FF la.

Retounen Anwo

37. Kiyès mwen dwe rele si kat kredi oswa kat debi mwen an pa fonksyone?

Rele konpayi kat kredi oswa bank ki te ba w kat kredi oswa kat debi a. Si kat la fonksyone tout kote men li pa fonksyone sou lektè OMNY la, kontakte Sèvis Kliyantèl OMNY la sou 877-789-6669.

Retounen Anwo

38. Èske enfòmasyon mwen yo ap ret prive?

Wi. Nou pran angajman pou nou pwoteje epi sekirize enfòmasyon pèsònèl ou yo.

Retounen Anwo

Pèdi Elijibilite

39. Mwen te resevwa yon avi ki di enskripsyon mwen an ap fini paske mwen pa elijib ankò. Mwen panse te gen yon erè. Ak kiyès mwen kapab pale?

1. Ou ka pèdi elijibilite ou si ou pa ranpli kondisyon pou w elijib nan pwogram lan ankò. Ou ka vizite www.nyc.gov/accessfairfares pou w wè rezon ki fè w pa elijib ankò.
2. Avi ou te resevwa a eksplike rezon ki fè ou pa elijib pou Fair Fares NYC ak dat rabè w la pral fini. Apre dat sa a, y ap faktire tout vwayaj ou fè ak FFOC ou a ak pri konplè.
3. Si ou panse nou fè yon erè, tanpri vizite youn nan [biwo nou yo](#) oswa rele 311 pou w mande yon revizyon nan aplikasyon ou an.

Retounen Anwo

40. Konbyen tan mwen genyen pou m mande yon revizyon detèminasyon elijibilite mwen an?

Ou dwe mande yon revizyon nan espas 14 jou apre ou fin resevwa avi ki di enskripsyon w lan ap fini. Si nou pa tande ou, rabè w la ap fini nan dat ki endike nan avi w la.

Retounen Anwo

41. Kisa k ap pase si mwen resevwa yon avi ki fè konnen rabè Fair Fares NYC mwen an ap fini akòz move itilizasyon oswa aktivite fwod?

Premye fwa yo konstate yon move itilizasyon oswa yon aktivite fwod, y ap sispansyon rabè FFNYC ou a. Si ou gen yon FFOC, I ap retounen ak pri konplè a. W ap pèdi elijibilite ou pou FFNYC a, epi ou p ap kapab patisipe nan Fair Fares NYC pandan 60 jou. Ou dwe reyaplike apre 60 jou yo fin pase, epi yo dwe jwenn ou elijib pou resevwa rabè Fair Fares NYC ankò. Dezyèm fwa gen move itilizasyon oswa aktivite fwod, w ap diskalifye pou tout tan pou w patisipe nan pwogram nan epi rabè w la ap fini. Ou kapab rele 311 si ou gen kesyon.

Retounen Anwo

Kat ki Pèdi, Yo Vòlè, oswa ki Andomaje

42. Kisa pou mwen fè si mwen resevwa yon alèt balans mwen ba?

Yon alèt balans ba rive lè kantite lajan ki sou kat ou a desann pi ba pase \$1.05. Ou dwe mete lajan sou kat ou pou ka pran tren oswa bis la.

Retounen Anwo

43. Konbyen fwa mwen ka ranplase FFOC mwen ki pèdi oswa ke yo vòlè?

FFNYC ap ranplase FFOC ou ki pèdi, yo vòlè, oswa ki andomaje yon sèl fwa pa ane enskripsyon. Si ou rive nan limit la epi ou pèdi kat ou, ou ka achte pwòp Kat OMNY pa ou oswa mete rabè a sou yon kat kredi oswa kat debi.

Retounen Anwo

44. Kisa pou m fè si kat FFOC mwen an pèdi, yo vòlè li oswa se li andomaje?

Konekte sou kont Fair Fares ou a nan [nyc.gov/accessfairfares](https://www.nyc.gov/accessfairfares) epi klike sou "Report FFOC Lost, Stolen or Damaged." Swiv enstriksyon yo sou ekran an.

Ou kapab rele 311 tou. Yon fwa yo resevwa rapò ou a, ou ka chwazi ranplase li ak yon lòt Kat OMNY oswa ak yon kat kredi oswa kat debi si ou toujou kalifye pou FFNYC.

Si w te premye rapòte kat ou a bay OMNY nan kont OMNY ou oswa pa telefòn, ou bezwen rapòte kat ou ankò bay Fair Fares pou resevwa yon ranplasman oswa pou transfere rabè ou a sou yon nouvo kat.

Retounen Anwo

45. Kisa pou m fè si kat kredi, kat debi oswa aparèy mobil mwen an pèdi ak rabè a?

Si ou pèdi kat kredi oswa kat debi ou, kontakte konpayi kat kredi ou oswa bank ou lapoula pou rapòte kat la kòm pèdi oswa vòlè. Sa ap dezaktive kat la. Si ou pèdi aparèy mobil ou, swiv enstriksyon manifakti a pou dezaktive aparèy la.

Aprè ou fin swiv etap sa yo, konekte sou Access HRA epi chwazi “Change your Discount Selection” pou transfere rabè ou a sou yon nouvo kat oswa aparèy. Ou dwe gen nouvo nimewo kat la anvan ou chanje seleksyon rabè ou a.

Retounen Anwo

46. Kijan mwen ka transfere balans ki sou kat OMNY mwen an ki pèdi, yo vòlè, ki andomaje, ki ekspire oswa ki toupren pou ekspire, sou nouvo Kat OMNY mwen an?

Si Fair Fares ap ranplase ansyen Kat OMNY ou a ak yon nouvo Kat OMNY, ou pa bezwen fè anyen. Y ap otomatikman transfere balans ou an soti nan ansyen kat ou a pou ale sou nouvo kat la.

Si w ap ranplase ansyen Kat OMNY ou a ak yon Kat OMNY pwòp ou menm te achte, ou dwe rele Sèvis Kliyan OMNY la pou transfere balans ou soti nan ansyen kat la pou ale sou nouvo kat la. Ou kapab rele Sèvis Kliyantèl OMNY la nan 877-789-6669. Lè w rele, ou dwe bay adrès imel oswa kòd postal ki lye ak kont OMNY ou a. Si ou pa gen yon kont OMNY, ou dwe bay nimewo kat la oswa Nimewo Kont Transpò a pou kat OMNY ki pèdi, yo vòlè, ki andomaje, ki ekspire oswa ki prè pou ekspire. Ou ka jwenn Nimewo Kont Transpò a nan kont Access HRA ou a oswa lè w rele 311.

Tanpri sonje ou pa ka jwenn ranbousman pou yon kat OMNY ki pèdi oswa yo vòlè. Ou ka sèlman transfere balans ki rete a sou yon kat ranplasman.

Retounen Anwo

Renouvèlman

47. Konbyen fwa mwen bezwen renouvle enskripsyon FFNYC mwen an?

Ou bezwen renouvle enskripsyon FFNYC ou yon fwa pa ane. Ou dwe kalifye pou pwogram nan nan moman renouvèlman an pou yo ka renouvle rabè FFNYC ou a.

Retounen Anwo

48. Kijan mwen ka renouvle enskripsyon FFNYC mwen an?

Konekte nan kont ou sou nyc.gov/accessfairfares pou renouvle enskripsyon FFNYC ou a, apre ou fin resevwa yon avi pou renouvle nan Fair Fares. Renouvle omwen 30 jou anvan fen enskripsyon w lan pou evite yon entèripsyon nan rabè ou a.

[Retounen Anwo](#)

49. Èske y ap avize m lè m bezwen renouvle?

Wi. N ap voye yon avi pa lapòs epi voye tèks ba ou lè li lè pou ou renouvle. N ap itilize adrès postal ou te bay Fair Fares NYC la. Ou ka tcheke paj prensipal Fair Fares NYC ou a pou jwenn mizajou epi konnen dat limit la nenpòt ki lè.

[Retounen Anwo](#)

50. Èske gen yon dat limit pou renouvle?

Wi. Avi renouvèlman an ap endike dat limit ou pou renouvle. Si ou pa renouvle nan dat limit la, ou dwe soumèt yon nouvo aplikasyon. Tcheke kont FFNYC ou a pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

51. Kisa k ap pase si mwen rate dat limit pou renouvle a?

Si ou rate dat limit renouvèlman ou an, ou ap gen pou soumèt yon nouvo aplikasyon. Sa ap sispann rabè ou a tanperaman. Pandan yo sispann kont ou a, y ap chaje w pri konplè si ou eseye sèvi avè l. Rabè ou a ap rekòmanse yon fwa ou renouvle oswa aplike ankò, epi aplikasyon w lan apwouve.

[Retounen Anwo](#)

52. Kouman pou mwen konnen si mwen toujou kalifye pou FFNYC?

Vizite nyc.gov/fairfares pou tcheke elijibilite ou. Ou dwe toujou reponn ak kondisyon pou elijib FFNYC yo pou renouvle enskripsyon w nan pwogram FFNYC a.

[Retounen Anwo](#)

53. E si nouvo adrès mwen an pa nan vil Nouyòk?

Se sèlman rezidan Vil New York ki elijib pou pwogram Fair Fares NYC a.

[Retounen Anwo](#)

54. Ki dokiman mwen bezwen pou soumèt aplikasyon pou renouvelman mwen an?

Tanpri, al gade nan [lis dokiman yo egzije](#) sou sit entènèt Fair Fares NYC a.

[Retounen Anwo](#)

55. Èske m ap resevwa yon nouvo kat Fair Fares NYC OMNY lè m renouvle?

W ap kontinye sèvi ak FFOC yo te ba ou a, sof si ou pèdi kat ou oswa kat ou a prè pou ekspire. FFOC ou ap dire pou plizyè ane.

[Retounen Anwo](#)

56. Èske m ap kapab kontinye itilize rabè Fair Fares NYC mwen kounye a yon fwa yo apwouve aplikasyon pou renouvelman mwen an?

Wi. W ap kapab kontinye sèvi ak rabè FFNYC aktyèl ou a jiskaske enskripsyon w lan ekspire. Menm lè enskripsyon w lan ekspire (sa vle di ou pa kalifye ankò pou pwogram nan), ou ka kontinye sèvi ak Kat OMNY ou a pou peye pri konplè a.

[Retounen Anwo](#)

Kat ki Ekspire

57. Kouman pou mwen konnen ki lè kat Fair Fares NYC OMNY mwen an ap ekspire?

Dat ekspirasyon an sou do kat ou a.

[Retounen Anwo](#)

58. Kisa k ap pase si FFOC mwen an ap ekspire nan mwens pase 30 jou?

Yon fwa FFOC ou a gen yon dat ekspirasyon ki pi long pase FFMC a, FFOC ou a ap dire plizyè ane. Ou ta dwe kontinye sèvi ak kat ou jiskaske li ekspire. Si ou toujou enskri nan pwogram nan epi Kat OMNY aktyèl ou a ap pwoche dat ekspirasyon li, FFNYC ap otomatikman voye yon nouvo kat ba ou apeprè 30 jou anvan kat aktyèl la ekspire. Lè ou resevwa Kat ranplasman OMNY ou a, ou ka kontakte Sèvis Kliyantèl OMNY a nan 877-789-6669 transfere balans ki sou kat ki ekspire a sou nouvo FFOC ou a.

[Retounen Anwo](#)

59. Kisa k ap pase si kat debi oswa kat kredi mwen an ekspire ak rabè sou li?
Anyen pa chanje. Kat la ansanm ak rabè ou a ap kontinye fonksyone ak OMNY.

Retounen Anwo

60. Èske mwen ka itilize yon kat FFOC ki ekspire si li toujou gen lajan sou li?
Non. FFOC ou a p ap mache apre dat ekspirasyon an. Lè FFOC ou a ekspire, balans ou a ap otomatikman transfere sou nouvo kat ou resevwa pa lapòs la.

Retounen Anwo

Tanpri, rele nan 311 si ou gen nenpòt kesyon konsènan Pwogram Fair Fares NYC a. Ou kapab ale tou sou nyc.gov/fairfares pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Fair Fares NYC a.